

# Ivyo imiryango ifise abana itegerezwa kumenya vyerekeye n'incanco z'ikiza ca korona virisi (COVID-19)

Turatahura neza ko abantu benshi bafise ibibazo vyerekeye incanco za COVID-19 ku bana babo. Hano hepfo hari inyishu ku bibazo vyose abavyeyi n'abarezi babajije.

## 1. Incanco za korona virisi ( COVID-19) zigisha imibiri yacu ukuntu irwanya korona virisi (COVID-19) itabanje kuturwaza.

Incanco za korona virisi (COVID-19) zihira imibiri yacu akaryo ko kuraba ukuntu umugera wa korona virisi (COVID-19) ukora kugirango abasoda b'umubiri bawumenye bongere bawurwanye. Zikora ibi mu kwigisha imibiri yacu gukora indemamubiri zirwanya indwara zitwa abasoda b'umubiri kugirango badugikingire. Incanco za korona virisi (COVID-19) nta korona virisi (COVID-19) zidutera.

Mu gihe umugera wa koronaa virisi (COVID-19) ubwawo ari mushasha, abashakashatsi bamaze imyaka irenga cumi biga ubwoko bw'iyoyigera, izwi nk'imigera ya korona. Incanco zose za korona virisi (COVID-19) ziri muri reta zunze ubumwe zarageragejwe mu bitaro kandi zaremejwe gukoreshwa mu bihe vyihuta n'ubuyobozi bujwe imfungurwa hamwe n'imiti muri reta zunze ubumwe. Zose zaremejwe n'abahinga muvuy'amagara y'abantu ku rwego rw'igihugu hamwe na hano i Vermont.

Amamiriyoni y'abantu baramaze gukingirwa neza korona virisi (COVID-19), harimwo abana n'imiya bage.

## 2. Abantu bamwe bashobora kugira ingaruka ziturutse ku rucanco, ariko muri rusangi zirabayabaye kandi ntizimara igihe.

Urucanco rwakozwe kugira ruhe abana ubwirinzi bukwiye hamwe n'amahirwe yo kugira ingaruka nke. Idoze y'urucanco rw'abana ni ntoya kurusha iy'abantu b'imyaka 12 n'iyirenga.

Abantu bamwe bamwe bagize ingaruka igihe gito inyuma yo guterwa urushinge, mu gihe abandi atampinduka bumvise. Ingaruka mbi ziturutse ku ncanco za korona virusi (COVID-19) ni ibimenyetso bisanzwe bisigura ko umubiri wawe uriko urubaka ubwirinzi bwo kurwanya korona virusi (COVID-19). Ingaruka mbi rusangi ni: Ukubabara ku kuboko bateyeko urucanco, ubushuhe, imbeho, hamwe n'uburuhe.

### **3. Kutaronka urucanco bifise ivyago ubwavyo nk'indwara ikomeye, ingorane z'umutima, hamwe n'ibimenyetso bidahera.**

Kudacandarwa vyongereza ivyago ku mwana wawe vyo kurwara korona virusi (COVID-19). Abana benshi bazogira indwara zibayabaye, ariko bamwe bamwe bazorwara ningoga kandi bazosabwa kuja mu bitaro.

Abantu bamwe bamwe barwara korona virusi (COVID-19) bashobora kugira ibimenyetso bidahera ikiringo kinini. Ibimenyetso biramba cane ku bana harimwo uburuhe, kumeneka umutwe, kubura itiro, kudatekana, kubabara mu ngingo, hamwe no gukorora.

Ivyago vyo kuvyimba umutima (myocardis) biri hejuru cane iyo ufise ubwandu bwa korona virusi (COVID-19) kurusha uwakingiwe. Ubuvyimbe bw'umutima bushobora kuba ingaruka mbonekarimwe zijanye n'urucanco rwa korona virusi (COVID-19), ariko itorerwa umuti ubwayo hadakoreshejwe ubuvuzi.

Imbonekarimwe ariko ni ikintu gikomeye kijanye n'ubwandu bwa korona virusi (COVID-19) ku bana gitera ubuvyimbe mu bihimba vyabo vy'umubiri citwa <multisystem inflammatory syndrome>, canke MIS-C. Abashakashatsi baguma biga ibijanye na MIS-C hamwe n'uko ifata abana.

Inzira nziza yo gukingira umwana wawe ni ukumufasha kwirinda ubwandu bwa korona virusi (COVID-19)— kwicandagisha, kwambara agafukamunwa kameze neza, hamwe no kwirinda ibibanza birimwo abantu benshi.

### **4. Kuronka urucanco rwa COVID-19 bifise inyungu nyinshi.**

Incanco za korona virusi (COVID-19) zishobora kugabanya ivyago ku bantu vyo gukwiragiza umugera utera korona virusi (COVID-19). Buri wese akwije ibisabwa aronse urucanco bishobora gufasha umuryango wose, harimwo abavukana badakwije ibisabwa n'urucanco hamwe n'abagize umuryango bashobora kuba bafise ivyago vyo kurwara ningoga iyo banduye.

Incanco zitanga ubwirinzi bwiza kurusha ubwandu buheze bwa korona virusi (COVID-19). Abantu batacandazwe bigeze kurwara korona virusi (COVID-19) bafise ivyago vyinshi vyo kwongera kwandura umugera kurusha abakingiwe bikwiye.

Igihe muri Vermont abana barwaye korona virusi (COVID-19), bigira ingaruka ku miryango,

porogarama y’abarera abana, hamwe n’amashure. Gucandaga abana bizobakingira gufatwa n’indwara zikomeye kandi bizofasha guhagarika ikwiragira rya korona virusi (COVID-19) mu miryango yacu.

Gucandarwa bisigura kandi kugira ubwigenge, gutyo abana b’i Vermont bagashobora kuba abana. Hari amakenga make yo kubona abagenzi hamwe n’umuryango, batembera, kandi baja kw’ishure.

## **5. Ushobora gufasha abana bawe kugirango bitegurire kuronka urucanco rwa korona virusi (COVID-19).**

Abavyeyi hamwe n’abarezi bashobora kugira uruhara runini mu gufasha abana kwumva biteguriye urucanco urwarirwo rwose. Bayagishe ku bijanye n’ivyo bokwitega igihe baronse urucanco, hamwe n’ivyoshika mu minsi ikurikira. Bashobora kwumva barwaye gato umunsi umwe canke ibiri inyuma yo kuronka urucanco, ariko ntibizomara igihe kinini.

Vugana nabo ukuntu urucanco ruzokwigisha imibiri yabo kurwana n’umugera wa korona virusi (COVID-19), kandi n’ingene iyo bacandazwe bibafasha gukingira buri wese ari hafi yabo.

### **Inkuru zindi nyinshi ku bavyeyi n’abarezi:**

- Kuronka urucanco rwa korona virusi (COVID-19) (Igisata kijejwe amagara y’abantu i Verimonti):  
[www.healthvermont.gov/MyVaccine](http://www.healthvermont.gov/MyVaccine) | [www.healthvermont.gov/KidsVaccine](http://www.healthvermont.gov/KidsVaccine)
- Ubushakashatsi buri inyuma y’urucanco rwa korona virusi (COVID-19): Ibibazo bikunze kubazwa n’abavyeyi (Ishure rya Amerika riraba ivy’indwara z’abana):  
[www.healthychildren.org/English/health-issues/conditions/COVID-19/Pages/The-Science-Behind-the-COVID-19-Vaccine-Parent-FAQs.aspx](http://www.healthychildren.org/English/health-issues/conditions/COVID-19/Pages/The-Science-Behind-the-COVID-19-Vaccine-Parent-FAQs.aspx)

Nzero 2022